



Enfòmasyon fondamantal sou VIH

Kesyon ak repons sou VIH

Èske w konnen kijan pou w pwoteje tèt ou pou w pa gen VIH ak SIDA ?

Aprann kijan ou ka gen
yon bon sante epi kijan
pou anpeche pwopaje VIH.

Kisa VIH ak SIDA ye?

- VIH se yon viris ki bay SIDA.
- SIDA se yon maladi ki kraze sistèm defans kò w.

Èske tout moun ki gen VIH ap gen SIDA?

- Non. Moun ka kontinye viv plizyè ane lè yo gen VIH san yo pa gen SIDA, sa rive lè moun sa yo resevwa tretman.
- Pafwa moun ka gen VIH pandan lontan san yo pa gen okenn siy ak sentòm.

Èske li ka geri?

- Pa gen okenn gerizon pou VIH ak SIDA, men gen anpil bon tretman pou enfeksyon VIH la.
- Moun ki gen VIH ka resevwa swen gratis oubyen bon mache pou ede yo kontinye viv lontan epi ak bon sante.

Kijan VIH pwopaje?

- Nan san, nan dechay gason, nan sekresyon ki nan vajen (sèks fi a), epi nan lèt tete.
- Fè sèks (fè bagay) nan vajen oubyen nan dèyè san kapòt.
- Itilize menm sereng avèk yon moun ki enfekte pou pran dwòg.
- Kontak avèk san yon moun ki enfekte.
- Fi ki gen VIH ka pase viris la bay pitit li yo anvan li akouche epi pandan lap akouche epi lè li bay pitit la tete.

Èske gen yon rapò ant VIH ak lòt maladi?

- Wi. Fè sèks, sa vle di fè bagay san kapòt ka mete w ak ris pou w trape maladi tankou gonore, sifilis, klamidya, èpès ak klou.
- Moun ki gen maladi ki trape nan sèks ka trape epi pase VIH pi fasil pase moun ki pa gen maladi ki trape nan fè sèks.
- Touche san yon lòt moun ki enfekte ak epatit B ak epatit C ka pwopaje maladi sa yo tou.

Èske VIH ka pwopaje lòt jan?

- Ou pa ka trape VIH nan kontak nòmal tankou akolad, bay lanman oubyen sèvi nan menm vè ak yon moun ki gen viris la.
- Ou pa ka trape VIH la lè yon moun touse oubyen estènye.
- VIH ka pafwa pwopaje nan fè sèks nan bouch, men pa gen twòp chans pou sa rive.

Èske m gen move chans pou m genyen li?

- Ou toujou gen chans pou trape epi pase VIH si w nan fè sèks ak yon fi oubyen ak yon gason oubyen si w nan pataje sereng.
- Move chans lan ogmante tout fwa ou fè youn nan bagay sa yo.
- Si mennaj ou a fè bagay oubyen pataje sereng ak lòt moun, li ogmante ris ou genyen pou w trape li tou.

Kijan m ka redui chans pran VIH sa a?

Men twa jan ou ka bese chans ou:

- Sèvi ak kapòt *chak lè* wap fè bagay.
- Fè bagay nan bouch olye w fè nan dèyè oubyen nan vajen vajen (sèks fanm).
- Sèvi avèk yon sèl patnè.

Men kèk bagay ou ka fè:

- Chèche Konnen si mennaj ou an gen VIH oubyen maladi ki trape nan fè sèks epi konnen ki chans ou genyen pou w trape li. Lap ede w fè bon chwa nan fason w fè sèks ak mennaj ou a.
- Si mennaj ou a gen VIH, fè sa w kapab pou ede li resevwa tretman epi kontinye gen bon sante.



Massachusetts Department
of Public Health
Office of HIV/AIDS
www.mass.gov/dph/aids



Kesyon ak repons sou VIH

Si w itilize sereng pou pran dwòg, suiv mezi sa yo pou anpeche ou trape VIH:

- Sèvi ak yon sereng ki esterilize oubyen ak yon sereng nèf chak fwa ou ap pike tèt ou pou pran dwòg. Ou ka ale nan anpil famasi nan Massachusetts pou w jwenn sereng pwòp oubyen ou ka patisipe nan pwogram pou chanje sereng.
- Pa pataje sereng, koton, ti bouchon ou itilize pou kuit dwòg la ak lòt aparèy.
- Si w pa ka pa pataje ak moun, se pa pou w pataje ak twòp moun. Se pou w netwaye sereng yo ak aparèy yo anvan pou sèvi ak yo.
- Si w sèvi ak sereng plizyè fwa, se pou w netwaye yo anvan pou w sèvi ak yo ki vle di rense yo twa fwa nan dlo. Epi ranpli sereng yo ak klowòks, souke yo pandan de minit, jete klowòks la, epi netwaye yo de fwa ankò ak klowòks. Epi rense twa fwa ak dlo.



Kisa w dwe konnen sou VIH si w ansent oubyen si w ta renmen ansent?

- Fi ki gen VIH ka pase viris la bay pitit li yo anvan epi pandan lap akouche epi lè li baypitit la tete.
- Chèche Konnen si w gen VIH. Si w ta gen chans pou w gen VIH; se pou w ta fè tès plizyè fwa.
- Si w VIH pozitif epi si w ansent, se pou w pran kèk medikaman pou bese chans pou w pase VIH la bay tibebe w lan. Anpil tibebe ki gen manman ki resevwa tretman pa trape VIH.
- Olye pou w bay pitit ou tete se pou w ba li bibwon lèt pou w pa pase VIH la bay tibebe w la.

Pouki pou m fè tès?

- Pou konnen si w gen VIH pou kapab chèche tretman pou ka viv pi lontan.
- Tout kote ki ofri tès yo ka di w ki kote pou jwenn swen ak sèvis sipò pou ede w gen yon bon sante.
- Piske moun pafwa pase VIH la menm si ou pa gen okenn sentòm, li enpòtan pou w konnen si w gen VIH pou anpeche pou pa pase mennaj ou a viris VIH la.

Ki kote mwen ka ale fè yon tès VIH?

- Ou ka fè tès pou li nan klinik doktè a.
- Gen anpil lòt kote tou nan Massachusetts ki ofri tès.
- Gen kèk lokal ki ofri tès ki ba ou yon nimewo olye pou yo sèvi ak non w.
- Pou w jwenn yon kote ki ofri tès pre lakay ou, pale ak doktè a, rele 800-235-2331. Oubyen ale nan www.mass.gov/dph/aids.

Ki lòt bagay pou mwen konnen sou tès VIH?

- Pyès moun pa ka fòse w fè tès la, e se pou w bay otorizasyon alekri anvan yo fè youn pou ou.
- Gen diferan kalite tès pou fè. Gen tès san, gen tès krache. Gen tou yon tès rapid ki ba w rezilta menm jou a.
- Kote ki ofri tès yo ofri mwayen pou detekte lòt maladi ki trape nan fè sèks epi pou detekte epatit tou.



Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Nimewo dirèk pou enfòmasyon sou SIDA
Anglè ak panyòl: 800-235-2331
TTY: 617-437-1672
www.aac.org

Nimewo dirèk pou enfòmasyon sou abi sibstans nan leta Massachusetts
Anglè ak panyòl: 800-327-5050
TTY: 617-536-5872

